АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№42 (9930)

РУЗМАН

16 октябрь 2020 сон

29 САФАР 1442 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# ТIидисезул чай Россиялъул конкурсалда

**7-18 октябралда Москваялда онлайн режималда уneб буго «Меседил хасалихълъи -2020» абураб XXII-леб Россиялъул росдал магIишат цебе лъей. Гьениб РФялъул росдал магIишаталъул министр Дмитрий Патушевас лъазабуна регионалияб «Россиялъул тIагIамал» («Вкусы России») конкурсалъул байбихьи.**

ТIоцебесеб нухалъ тIобитIулеб кванил нигIматазул конкурсалъул аслияб мурад буго регионазда гьитIинаб ва гьоркьохъеб предпринимательство цебетIезаби, росдал магIишаталъул нигIматазул къимат цIикIкIинаби.

Дагъистаналдаса конкурсалда гIахьаллъизе бихьизабун буго 9 нигIматазул тайпа. Гьезда гьоркьоб буго «Шамил районалъул мугIрузул таватур» («Легенда Шамильских гор») абураб тIидисезул чай. Роpхатал мугIрул байдабаздаса ракIарарал хурдузул чаязул цIар республикаялда гуребги цогидал ракьаздаги тIибитIун буго. ТIидисезул тIолабго коллекциялдаса конкурсалъе бищараб чай лъикIаб тIагIамалдаго цадахъ сахлъи цIуниялъе, иммунитет щулалъиялъе даруяблъун буго.







ТIидисезул чаялда цадахъго конкурсалда гIахьаллъулеб руго Дагъистаналъул гIиял гьан, пиринчI, мугIрузул гIиял хIан, бакъвараб бакь, «Болъихъ» куракудул сок, «ГIириб» помидоралъул сок ва дидоязул чай.

8 номинациялдаса 22 брендалъе щвезе буго бергьенлъи. Конкурсалъул хIасилал лъазе руго 9 декабралдаса хадуб. Бищун лъикIаллъун рикIкIарал финалистазе, федералияб кумекалдалъун, хадубккунисеб цебетIеялъе ресал щвезе ругоян баян гьабулеб буго ДРялъул росдал магIишаталъул министерствоялъ.

П. МУХIАМАДОВА

■ БАРКИ

## ХIурматиял районалъул росдал магIишаталъул хIалтIухъаби!



**РакI- ракIалъ баркула нужеда профессионалияб байрам - росдал магIишат гIуцIулезул ва росдал магIишаталъул нигIматал хIадурулезул къо.**

**ХIурматиял гIухьби, доярkaби, механизаторал, лъалъадухъаби, мухъилал колхозчагIи, захIматалъул ветераналЬ, нужеца гIезарурал нигIматаз бечед гьарула щивасул рокъор столал. Кинабго заманаялъ социалиябгун экономикияб рахъалъ нилъер гIумру цебетIеялъе росдал магIишаталъ лъолаан кIудияб бутIа. Профессионалияб байрамалда мустахIикъаб дандчIвай гьабизелъун, районалъул росдал магIишаталъул хIалтIухъабаз бергьенлъаби росулел руго тIощел, гьан, рахь, квас гIезабиялъулъ. РакI чIараб буго хадубккунги росдал магIишаталъул аслиял бутIаби – хурухъанлъи, гIи-боцIухъанлъи цебетIезабиялда жеги лъикIал хIасилал росизе рукIиналда.**

**Гьарула нужее халатаб гIумру, щулияб сахлъи, росдал магIишаталъул нигIматал гIезариялъулъ чIахIиял бергьенлъаби, камугеги щивасул рокъоса бежараб чадил махI ва батIи-батIиял кванил нигIматал.**

**Районалъул бетIер**
**МухIамад ХIАСАНОВ**

■ РОСАБАЛЪЕ САПАРАЛ

# Хучада клуб къачIалеб буго

**Гьаб анкьил арбагI къоялъ районалъул бетIер МухIамад ХIасанов райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроевгун щвана Хучаде. Гьениб цIи гьабун балеб бугеб маданияталъул рукъалъул хIалтIабазул тIалаб гьаби букIана сапаралъул аслияб мурад.**

Басрияб, чIунтараб Хучада клубалъул мина кьучIдасанго цIи гьабун къачIазе рес ккана «Культура» абураб миллияб проекталда гIахьаллъиялдалъун. Федералияб ва районалъул бюджетаздаса гьелъие биччан буго 12 млн.гъурущ. Росабалъ ругел маданияталъул рукъзал Советияб хIукуматалъул заманаялъго рарал рукIиналъ, пачалихъалъул бербалагьиялда гъоркь руго гьел цIи гьари.

Районалъул Маданияталъул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев Гь. ГIабдуламухIамадовасул рагIабазда рекъон, гьеб миллияб проекталде гьоркьоре ккезе цIакъ кIудияб кIвар кьун буго росдал бегавул ХIусейн Жамалудиновас. Гьесул жигарчилъиялъ киналго тIадал шартIазда рекъон хIадурун руго документал ва райадминистрациялъул кумекалдалъун 2020 соналъул программаялде гъорлъе бачун буго Хучада клуб.

Росдал бегавулас баркала загьир гьабулеб букIана районалъул нухмалъулезе ва Халкъияб соб_раниялъул депутат, Маданияталъул, спорталъул ва туризмалъул комитеталъул председатель Мурад Пайзулаевасе. -Гьезул кумекалдалъун рагIалде бахъунеб буго гьаб пайдаяб иш,-ян бицана гьес.



Капиталияб ремонт гьабун къачIалеб минаялда жаниб буго 140 чиясе зал, библиотека, музеялъул рукъ, кружоказе ва секциябазе бакIал. ХIотодаса подрядчик МухIамад МухIамадовасул къокъаялъ ракIба-цIцIадго ва мухIканго, заманалъул болжал хвечIого гьабулеб буго гьениб ремонт.



Районалъул нухмалъулел разиго хутIана жакъасеб къоялде гьарун ругел хIалтIабаздаса.

Хадусеб соналде гьебго проекталда рекъон къачIазе ракIалда руго Гьооpиб ва ГIурада маданияталъул рукъзал.

**Администрациялъул**
**пресс-служба**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## 21 октября состоится первая сессия депутатов VII созыва

**ТИК Шамильского района сообщает, что первая организационная сессия вновь избранного районного Собрания депутатов VII созыва состоится 21.10.2020 г. в 10 часов в актовом зале администрации МО «Шамильский район».**

**Председатель ТИК**
**Шамильского района** **О.И.Алиев**

СУАЛ-ЖАВАБ

# Классазул нухмалъулезе бачIараб мухь

**РФялъул Президент В.Путинил Указалда рекъон 1сентябралдаса нахъе классазул нухмалъулел мугIалимзабазе кьезе байбихьана щибаб моцIалъ 5000 гъурущ. Нилъер районалдаги гьеб гIарац щивав классазул нухмалъулезе кьуна. ХIукуматалъ мугIалимзабазул захIмат даражаялде бахинаби лъикIаб иш буго. Амма гьеб тIаде кьолеб гIарцудаса суалалги камулел гьечIо. КIвар бугелщинал суалазе жаваб кьуна районалъул лъайкьеялъул идарабазул цогояб бухгалтериялъул нухмалъулев Зиявудин Дибировас:**



**-Федералияб компенсациялда гьоркьоре унищ бакIалъулал тIадежураял (росабазул, мугIрузулаб коэффициент ва гь.ц.)?**

-Хасал тIабигIиял щартIал ругел бакIазда гурони гьеб 5000 гъурущалде тIадежубай букIунаро, амма гьеб рикIкIуна отпускалда гьоркьоб.

**- Гьеб компенсациялдаса налог кквезе кколищ?**

- Классалъул нухмалъи гьабиялъе кьолеб гIарац ккола тIолабго харжалъул бутIа. Гьединлъидал, гIаммаб харжалде гьоркьобе унеб гьеб гIарцудасаги налог ккола.

**- Цо мугIалимас кIиго ва цIикIкIун классазе нухмалъи гьабулеб бугони гьеб гIарцул кьадар хисулищ?**

- КIиго ва цIикIкIун классазе нухмалъулезе щола бищун цIикIкIун 10000 гъурущ.

**- Классазул нухмалъулезе кьолеб гIарцул кьадар бараб бугищ классазда ругел лъималазул кьадаралда?**

- Федералияб, ай 5000 гъурщил компенсация бараб гьечIо лъималазул кьадаралда. Лъималазул кьадаралъухъ балагьула классалъе нухмалъи гьабиялъе республикаялъул бюджеталдаса кьолеб ва тетрадазул халгьабиялъухъ кьолеб гIарцуде.

**- МугIалим, унтиялълда бан , хIалтIуда гьечIони, гьесие харж кьеялъул тартиб кинаб бугеб?**

- Унтиялда хурхун, мугIалим хIалхьиялда вугони, гьесие харж кьола хIалтIараб заманалда рекъон. Унтиялъул заманалъул гIарац бецIула социалияб страхованиялъул фондалъул сурсатазда. Унтун вукIарав мугIалимасул бакIалда хIалтIаразе, ай классалъе заманаялъ нухмалъи гьабуразе гIарац кьезе ихтияр буго жибго школалъул.

Давуд ДАВУДОВ

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# ЦIияб технологиялде куцана цIалдохъаби



**Ахирал саназ цIикIкIунеб буго цIалуде ва махщел камил гьабиялдехъун бербалагьи. Кинабго жо дунялалда гIедегIун хисулеб мехалъ цIиял технологиязде рокьи бижичIого хутIуларо. Хасго гьелде гьитIинго куцалел ругони.**

Гьеб мурадги рекIелъ ккун, гIагараб ракьалде цойги нухалъ сапар бухьана Гьоориб росулъа Расулов Зайнодиница.

Нижеца цебеккунги хъван букIана Зайнодинил ва гьесда цадахъ рачIарал Д.Ф Устиновасул цIаралда бугеб «ВОЕНМЕХ» университеталъул гIелмиял хIалтIухъабазул. 5-8 октябралда ХIебда гьоркьохъеб школалда бугеб «Точка Роста» централда гьез нахъойги тIобитIана махщалиде ругьунлъиялъул хIалтIи.

ВОЕНМЕХалъулазул тадбиралда гIахьаллъана 9-11 классазул 11 цIалдохъан. ЦIалдохъабазе бергьараб лъай щвана 3Д принтералда хIалтIизе, гьелъие тIагIелал хIадуризе. Санкт-Петербургалдаса рахъарал жиндирго махщелцоязул кьокьагун Шамил районалде вачIиналъ, загьирлъулеб буго гьитIинаб ВатIаналде унго-унгояб рокьи кинаб букIине кколебали.

Семинаралда гIахьаллъарал разиго хутIана гьеб тадбиралда гIахьаллъизе рес щвеялъ. Щивав цIалдохъанасе кьуна сертификатал ва ракIалде щвеялъул сайгъатал. Школа лъугIун ВОЕНМЕХалде цIализе лъугьунесе жубала ЕГЭялъул гIаммаб баллалде тIаде сертификаталъул 10 балл.

Зайнодиница ва гIалимзабазул кьокъаялъ ракI-ракIалъулаб баркала кьуна районалъул нухмалъулезе, ХIебда школалъул директорияе ва цIалдохъабазе хасаб хинлъигун жал кьабул гьаруралъухъ.

Хьул буго бачIунеб гIелалъе Зайнодинил мисалияб хьвада-чIвади даимго цебе чIелин.

Давуд ДАВУДОВ

■ #СТОПКОРОНАВИРУС

# Унтиялде данде къеркьей къотIун гьечIо

**Пандемиялъул хIалуцин дагьлъун бугониги, районалъул штабалъул ва цIуна-кьаялъе гIуцIараб комиссиялъул коронавирусалде данде къеркьеялъе гьарулел тадбирал гьоркьор къотIулел гьечIо.**




КIудияб кIвар кьолеб буго лъайкьеялъул идарабазда лъималазул ва хIалтIухъабазул сахлъи цIуниялъе гьарулел тадбиразде. Щибаб кьойил районалъул лъайкьеялъул идарабазда гьабула дезинфекция, борцуна температура, кабинетал ва классал цIияб гьава биччан, обработка гьабун кьачIала.

Гьединго, гIемерав чи данделъулеб бакI буго райцентралъул автостанция. 14 октябралда иргадулаб рейд гьабуна гьенибе районалъул бетIерасул заместитель ГI. Рамазановасул нухмалъиялда гьоркь бугеб комиссиялъ. Гьез тIалаб гьабулеб букIана жамгIияб транспорталда цIуна-кьай гьаби, маскаби рай ва маршруткабазда жаниб рацIцIалъи чIезаби.

ГО ва ЧСалъул вакил Ж. Зиявудиновас ва полициялъул старший лейтенант ГI. ГIабдулаевас пассажиразе малъа-хъваял гьаруна, маскаби ратичIезе гьел кьуна.

Нилъецаго цIуна-кьайялъе цIодорлъи гьабичIони, унти цIикIкIиналъе хIинкъи буго. Нухмалъулезул ва жавабиял хIалтIухъабазул хитIабазе гIин тIамун, малъа-хъваязе мукIурлъиялъ зарал букIинаро нилъее.

НИЖЕР МУХБИР

САХЛЪИ ЦIУНИЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Мисаллъун рехсезе мустахIикъав врач

**Унтарасул ракIги черхги дару-дарманалъ гуребги тохтурасул недегьаб каламалъ жеги цIакъ сах гьабулин абула. ГIузруялъ ккурав чиясул яги лъимер унтарал эбел-инсул ракI лъикIлъулеб нух, гьуинаб калам гьабизе кIвей- гьеб живго тохтурасул иман буголъиги батила.**

**Гьединав, тохтурлъиялъе хIажатаб хасият Аллагьасго жиндилъ бессарав, гьайбатаб гIамалалъул чи вуго Дагъистаналъул мустахIикъав тохтур, «Отличник здравоохранения РД» ва цогидал шапакъатазе мустахIикълъарав Сомодаса НигIматулагь МухIамадов.**



**НИЖЕР БАЯН:**

**Гьал ахирал соназ НигIматулагь МухIамадов хIалтIулев вуго нилъер райцентралда лъималазул тохтурлъун.**

**ЧIахIиязулгун ва гIисиназулгун гIамал рекъарав, лъилго ракI хвезабулареб тIабигIаталъул инсан вуго гьев. Унтараздехун гьесул бербалагьи бихьарав чияс тасдикъ гьабила гьаниб нижеца гьев тохтурасе кьолеб къимат.**

**Киназулго гIадин гьесулги букIана лъимерлъудаго жиндирго гIумруялъул анищал. Ругъелда гьоркьохъеб школа лъугIун хадуб, бачIинахъего гуро гьесие рес рекъараб жиндирго мурад рагIалде бахъинабизе. Эменги гьечIого гьесул эбелалъ гIезабуна лъабго лъимер. Рокъоб гьечIеб ресалда бан, школа лъугIараб соналъго тIадегIанаб лъай босизе ине щвечIо гьесие. Жиндиего шагьи-пара тIалаб гьабун колхозалъул гIияда рехьлъи гьабуна гьес школа лъугIараб соналъ. Хадув ана ВатIаналда цебе налъи тIубазе. Армиялда хъулухъ гьабун вуссараб мехалъги гьев гIияда ана хасалихълъи щвезегIан.**

**1981 соналъ НигIматулагь МухIамадов подкурсазде цIализе лъугьана, хадубго лъугIизабуна Дагъистаналъул медицинаялъул институталъул лечебный факультет.**

**Тохтурлъиялъул махщел щварав гIолохъанав НигIматулагь хIалтIизе витIула БежтIаве, цадахъго гьенибе бачуна жиндирго хъизанги.**

ГIемерсоназулаб махщалил нух рагьулеб цо чанго суал кьуна нижеца гьесие:

**- НигIматулагь, кинал захIмалъаби дуда дандчIварал махщалил байбихьуда?**

-Лъабго соналъ хIалтIана дун БежтIа хехаб кумекалъул пункталъул нухмалъулевлъун. БежтIасезул нилъеда бичIчIулареб лугъаталъул мацI бугелъул, гьелъ дагьаб захIмалъулаан. Доб мехалъ киназдаго гуро гIурус мацIги лъалеб букIараб. Гьединлъидал, дагь-дагьккун ругьунлъизе ккана гьезул мацIалдеги.

1992 соналъул май моцIалъ вачIана дун Ругъелда участковияб больницаялда хIалтIизе. Гьеб заманаялъ нилъер районалъул больницаялъул нухмалъуда вукIана ГIабдулхIаким МухIамадов. Гьес витIана дун, доб мехалъ Дагъистаналъул сахлъи цIуниялъул министрлъун вукIарав ТIидиса Ибрагьим Ибрагьимовасухъе. Гьесул кумекалдалъун рагьана къелдерил больницаялда лъималазул тохтурасул штат (педиатр). Махщалил даража борхинабулел курсазда лъабго моцIалъги цIалун, хадув анлъго соналъ хIалтIана нижерго больницаялда лъималазул тохтурлъун.

1998 соналъ дида тIадкъана больницаялъе нухмалъи гьабизе. 2017 соналъул октябралде щвезегIан гьабуна дица гьеб хIалтIи. Коллектив лъикIаб букIиналъ, гъира балаан хIалтIуде ине.

Цоцалъ гъункараб, хIажатасе кумек гьабулеб коллектив буго Ругъелда участкаялъулаб больницаялъул.

**- Нухмалъулеб хъулухъги тун, нахъеги дуего бокьулеб лъимал сахгьариялъул рахъалде вуссанаха мун.**

-Тохтурлъиги нухмалъиги цадахъ гьабизе бигьаяб жо батичIо, гьелъ цоялъегIаги квал-квал ккечIого хутIулароха. Гьединлъидал, дица хIукму гьабуна бетIерав врачасул хIалтIи нахъе кьезе. Гьанже дие хIалтIуе щибго квал-квалаб жо гьечIо. ХIебдаве нахъе хьвадиялдеги ругьунлъана.

Дие цIакъ рокьула лъимал, гьединлъидал, дир кидагосеб мурадги буго гьел сах гьаризеги гьезие кIвараб кумек гьабизеги.

**- НигIматулагь мун исана гьаб пандемиялъул заманаялъ хIалтIулев вукIаралъул районалъул больницаялда, захIмат букIанищ?**

-Пандемия байбихьаралдаса нахъе дун хIалтIулев вукIана «красная зона» абулеб бутIаялда. БукIинчIо нижее гьеб заманаялъ рекIееги черхалъеги щибго хIалхьи. Унтаразулги букIунаан гIамал рекъезе гьабизе ккараб хIал, цIакъго хIинкъи цIикIкIаралги рукIунаан гьезда гьоркьор. ТIоцебе заманаялъ кинабго дару-хералда хадур гъоларого рукIанин абизе бегьула, хадуб кинабго рукIалиде бачIунги букIана.

**-Нилъер районалда ковидалъ унтарал гIемер ругищ?**

-Жакъа къоялда жаниб гьезул къадар гIемер гьечIо нилъер районалда. Амма улкаялъул чIахIиял шагьаразда гьезул къадар цIикIкIунеб бугиланги абулеб буго. Гьанже унтаниги гIадамазул тIоцебе гIадинаб хIинкъиги рихха-хочиги гьечIилан абизе бегьула. ЦIуна къайги гьабулеб бугелъул, гьелъги батила унтарал дагьлъун ругел.

**- Баркала, НигIматулагь.**

### ХАДУРАГIИ

**Инсан гIаданлъиялъул борхалъиялде вахине ккани, гьесулъ букIине кколеб батила тIоцебе- рекIелъ чIухIи гьечIолъиги, чиясул къварилъи бичIчIи, гьеб жиндирго гIадин къабул гьаби. НигIматулагьие Аллагьасго кьун буго гьединаб иман бугеб гIамал-хасият. Баркалаги кьолаго, разиго уна гьесухъе рачIарал унтарал лъималазул эбел-эмен. ГIемерал соназ гьес нухмалъи гьабураб коллективалъги жеги цIакъ хIурматалда рехсола НигIматулагьил цIар.**

**Гьединаб гIамал-тIабигIаталъул тохтурзаби мисаллъун, дарслъун рехсезе мустахIикъал рукIина гьанжего гьанже гьеб махщалил нухде лъугьарал гIолохъанал специалистазе.**

**М. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВА**

### ИЗВЕЩЕНИЕ

Администрация МО «Шамильский район», адрес: 368430, РД, Шамильский район, с.Хебда, ул.Имама Шамиля, 50, E-mail: admhebda@mail.ru, тел.8(259)22347, объявляет конкурс по отбору исполнителей для осуществления деятельности по перемещению задержанных транспортных средств на специализированные стоянки, их хранению и возврату.

Дата и время начала приема заявок на участие в отборе –16.10.2020года, 9:30ч.

Дата и время окончания приема заявок на участие в отборе –16.11.2020года, 9:30ч.

Заявки принимаются по рабочим дням с 9:00 до 18:00, перерыв 13:00 - 14:00, заявки также могут быть направлены по почте по адресу РД, Шамильский район, с.Хебда, ул.Имама Шамиля, 50, кабинет отдела Экономики.

Вскрытие конвертов с заявками состоится 17.11.2020 года в 10:00 по адресус.Хебда, ул.Имама Шамиля, 50, кабинет отдела экономики.

Подведение итогов состоится 17.11.2020года, в 11:00 по адресу с.Хебда, ул.Имама Шамиля, 50, кабинет отдела экономики.

Конкурсная документация размещена на официальном сайте Администрации МО «Шамильский район», Шамильский.рф, в разделе – Закупки.

### МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН» РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН ПОСТАНОВЛЕНИЕ

**с.Хебда**

**от 15 октября 2020** **№ 114**

**О порядке перемещения транспортных средств на специализированную стоянку**

В соответствии с частью 3 статьи 4 и частью 1 статьи 5 Закона Республики Дагестан от 5 октября 2012г. №61 «О порядке перемещения транспортных средств на специализированную стоянку, их хранения, оплаты расходов на перемещение и хранение, возврата транспортных средств» Администрация МО «Шамильский район» постановляет:

1. Утвердить конкурсную документацию по проведению квалифицированного отбора организаций для осуществления деятельности по перемещению задержанных транспортных средств на специализированную стоянку, по перемещению задержанных средств на специализированную стоянку, их хранения и возврата на территории МО «Шамильский район», согласно приложениям №1, №2, №3, №4, №5, №6, №7, №8 к настоящему постановлению.
2. Утвердить прилагаемый Порядок проведения конкурса и акт приема-передачи задержанного транспортного средства для помещения на специализированную стоянку, согласно приложениям №9 и №10.
3. Утвердить состав комиссии для проведения конкурса по отбору исполнителей для осуществления деятельности по перемещению задержанных транспортных средств на специализированные стоянки, их хранению и возврату на территории муниципального образования «Шамильский район» согласно приложению №11.
4. Начальнику отдела административного и хозяйственного обеспечения (Шейхмагомедов М.М.) обеспечить размещение информационного сообщения о проведении отбора исполнителей для осуществления деятельности по перемещению задержанных транспортных средств на специализированные стоянки, их хранению и возврату на официальном сайте Администрации «Шамильский район» в сети Интернет. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Единство»
5. Контроль исполнения данного постановления возложить на заместителя Главы администрации МО «Шамильский район» Рамазанова А.А.

**Глава МО**
**«Шамимльский район»** **М.И.Гасанов**

■ БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

## Нужер кумекалдалъун цIунана

10 октябралда Гъогъолъ росулъа Даитбегов МухIамадбегил минаялда цIа рекIана. ЦIадул балагьалъ кIудияб зарал ккана цIи гьабун бараб минаялъе.

Даитбегов МухIамадица ва гIагарлъиялъ «Цолъи» казият гьоркьоб ккун ракI-ракIалъул баркала загьир гьабулеб буго тIолго гьагъадерил жамагIаталъе, районалъул цIадуде данде къеркьолеб къокъаялъе ва полициялъул хIалтIухъабазе.

Нужер кумекалдалъун цIунана жеги цIикIкIараб зараналдаса. Нижер разилъиялдасаги рази гьарейги Аллагьас киналго кIиябго рокъор.

МухIамадбег ДАИТБЕГОВ,
Гъогъолъ росу

■ ХАСАБ ПИКРУ

# Чи вихьун гьабулеб даран

Базар къоялъ радалго яхъун дун щвана цо гIиси-бикъинаб къваригIараб –тараб босизе абун базаралде. ГIемераб заман букIана базаралде щвечIого, рукъалда аскIобго бугеб тукадаса къваригIараб босун тIубазабун.



Дармида ругел машинабазда аскIосан унаго цо санагIат гьечIеб хабар-кIалалда ругоан йичарухъанги, гьелъие дарам гьабулей йигей цо лъабкъойилъе сонал арай гIадинай чIужугIаданги. РекIее хIалхьиго гьечIого гIенеккана гьаз бицунеб хабаралъухъ. Дой цIикIкIарай гIаданалъ абулеб буголан дуца дие бичараб помидоролъул ящик 25 килограмм бугиланги абун, рокъое щун балагьараб мехалъ, 20 кг гурони гьечIеб батанилан. Йичарухъаналъ гьелъул хабарго рагIизе течIого абулеб буголан жинца дуе гьединги нусго гъурущалъ учузго кьун букIанилан. ТIадежоялъе ящикалъул аххада хварабги батанилан бицуней гьей гIаданалъул санги гьабичIого, жиндирго даран базаралде жуяна нахъойги йичарухъан. АскIоса унез багьа цIехедал, цоязе батIияб цогиязе батIияб бицунаан йичарухъаналъ. Гьеб киналъулго гIажаиблъиги гIун, хал ккун чIарай дида бихьана цо дагьал хашго ретIа-къарал, тIаде балагьун рес гьечIел гIадинал гIадамазе хираго абулеб, цинги ретIа-къан, чIухIараб сумкаги гьажалда бан ругезе учузго багьа абулеб йичарухъаналъул калам.

Базаралде иналдасаги рекIекълъун, кинабго бихьаралде божизеги кIоларого, цо гIажаибаб асар рекIелъеги ккун юссана дун рокъое.

Мискин-пакъиразе садакъа кьеян абураб рагIиги вагIза-насихIатги гьай пакъиралда гIакса рагIун бугилан ракI гурхIизецин бачIана. Аллагьасдаги гIадамаздаги цее ракIбацIцIадайлъун йикIине рес букIаго, щайдай гьадигIан гIантал ишал гьарулелан ракIалдеги ккана. ГIарац бихьани бетIер сверулин гIадамил лъимадулин абухъего, гьединаб сурат цебе лъуна гьеб къоялъ дир беразда. Бечедазе хIелиги тIадчагIазе рецц-бакъ гьабиги кидаго букIана гьаб дунялалда. Амма дида бичIуларого буго Аллагьасда цере щвараб мехалъ щиб жавабдай гьединал чагIазул букIунаян.

Шагьра гьабизе кколелъуб сухъмахъ, сухъмахъ гьабуниги тIубалелъуб шагьра гьабулел нилъер гIадамазул хасият кинго бичIчIизе кIоларо...

**А.МУХIАМАДОВА**

■ РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

# Могьохъ къватIал къалъизаруна

Гьал къоязда Могьохъ росулъ ругел киналго хIубазда чирахъалги гъун къватIал къалъизаруна.

ГIадамазе кIудияб санагIатбахъи букIана росулъ канлъи гьечIолъиялъ. Гьеби хIисабалде босун, пайдаги кириги цIикIкIараб ишалъе байбихьи лъуна Могьохъ гIолохъабазул гIуцIиялъул нухмалъулев ГьитIинамухIамад МухIамадовас. Гьеб ишалъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна ГIабдусалам ХIусейновас, росдал будун Маккашарип ГIабдулмажидовас ва цогидазги.



Ургъел гьечIого къаси мехалъ къваригIелалъ къватIире рахъине рес щвеялъухъ, Могьохъ росдал жамагIаталъ кIудияб баркала загьир гьабуна гьезий.

**НИЖЕР МУХБИР**

*Сардил бецIлъиялъе росдал авалал*
*Гвангъизе гьаруна меседил квераз.*
*Канлъи къотIаниги къватIив вахъани*
*Къаденахъе гIадин рихьула нухал.*

*Нагагь хIажалъи ккун гьоболлъухъ ине*
*Чанги гIадамасе гIузру букIана,*
*Гьанже тIолго росу киве щваниги*
*Канлъи къотIаниги къад гIадин буго.*

*БецIлъаби гвангъулеб канлъиялъул нур*
*Каранзул рекIелъе тIейги Аллагьас.*
*ТIолабго канлъуда хIетI лъуралщиназ*
*Щибаб какда хадуб гьабеги дугIа.*

*Гьаб лъикIлъи росдае сайгъат гьабурал*
*Гьареги рохизе дуниялалда.*
*Чара гьечIеб хIалтIи тIубазабурал*
*БетIергьан Аллагьас кIодо гьареги.*

**Ш.МАЛАМУХIАМАДОВ,**
Могьохъ росу




ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГI. НурмухIамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления.
Регистр.ПИ.№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун дандекколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI